open secrets
power & profit | truth & justice

FACT SHEET

THE SENTRY

# Vakashandiswa, Nhema, uye Zvikiribidi Zvekuvanza Chokwadi: Kubatsiridza kwakaitwa nevekuSouth Africa uye vekuMauritius Pakuburitsa Mamiriyoni Kubva muZimbabwe Kuenda KuBritain

## Mushumo weongororo yakaitwa nesangano reThe Sentry richishandidzana nereOpen Secrets

Mugore ra2019, Kudakwashe Tagwirei uyo anove chipangamazano wemutungamiri wenyika yeZimbabwe akaburitsa mamiriyoni emadhora anofungidzirwa kuti akabva kuBhanga Guru reNyika reReserve Bank of Zimbabwe (RBZ) Kuenda kuGuta reLondon. Mari iyi yakashandiswa kutenga migodhi miviri yemuZimbabwe—weBindura Nickel uye weFreda Rebecca Gold Mine—nemari inosvika $29.5 miriyoni (£23 miriyoni) kubva kukambani yainge yabhuroka iyo yaitarisirwa nevakuru-vakuru vekuBritain vanonzi Duff & Phelps (avo vave kuzivikanwa nekuti Kroll). Panguva yakabhadharwa mari yekutenga migodhi iyi, mashoko ekupomera kuti Tagwirei ari kuita zvehuori nechizivano ainge atotanga kare kutenderera kwemakore akawanda.

Mushumo uyu wakaitwa pachishandiswa mashoko kubva kumaimeyiri 2,000 nezviyorwa, kusanganisirwa mishumo yemafambisirwo emari uyewo hurukuro dzakaitwa, iyo yakapiwa pachishandiswa vamhan'ari vepachivande. Magwaro aya nedzimwewo tsvakurudzo dzakaitwa zvinoratidza kuti kutengwa kwakaitwa migodhi iyi kwakaitwa pachishandiswa nzira dzinomutsa mibvunzo uye zvinobatanidza nhau yekuongorora kana mitemo iri kunyatsoshandiswa pakudzivisa vanhu vanozivikanwa zvakanyanya uye vane masimba kuti vasashandisa zvisiri izvo mitemo yemafambisirwo emari pasi rose.

**Vakashandiswa:**

Pakutenga migodhi iyi, Tagwirei akashandisa Sotic International iyo inove kambani yakanyoreswa munyika yeMauritius uye ichitarisirwa neajendi yemakambani yekuMauritius inonzi Capital Horizons Limited (CHL) nevakuru-vakuru vekambani vekuSouth Africa. Zvinyorwa zvinoratidza kuti Tagwirei ndiye aitungamirira kambani yeSotic International, kusanganisira kugadza vakuru-vakuru vekambani uyezve achizviita mukuru kune vaiva nemasheya mukambani iyi. Zvisinei, vari mukambani yeSotic vakaramba nenzira yechikiribidi kuti Tagwirei aibatanidzwa pane izvi: mibvunzo yainge yakavaipira yaigona kupindurwa zvekuvhara pachishandiswa mhinduro dzinonzwika sedzechokwadi pane zvinenge zviripo asi dzichigona kunge dzichitsausa pachokwadi chaicho chakaitika.

Mari yakashandiswa nekambani yeSotic pakutenga migodhi yakabhadharwa muzvikamu zvitatu: mari yekutanga yakabhadharwa mumwedzi waChikunguru wegore ra2019 uye mari yakabhadharwa muzvikamu zviviri mumwedzi waGumiguru wegore rimwe chete ra2019.





**Chizivano:**

Panguva apo kambani yeSotic yaibatanidza mari inosvika £2.3 miriyoni yekubhadhara pekutanga pakutenga migodhi iyi, chikamu chekambani yeSotic chemuZimbabwe, chinonzi Landela Investments, chakapiwa musvo wemari inosvika $60 miriyoni kubva kuRBZ pachishandiswa chizivano panzira yekuchinja nayo mari pakutengeswa kwakaitwa chikamu cheTreasury Bill hombe rakapiwa kambani yemafuta edzimota nemichina yeSakunda. Tagwirei neRBZ vanoramba kuti pakashandiswa chizivano panzira yekuchinja nayo mari iyi.

FACT SHEET

# Vakashandiswa, Nhema, uye Zvikiribidi Zvekuvanza Chokwadi: Kubatsiridza kwakaitwa nevekuSouth Africa uye vekuMauritius Pakuburitsa Mamiriyoni Kubva muZimbabwe Kuenda KuBritain

**Mushumo weongororo yakaitwa nesangano reThe Sentry richishandidzana nereOpen Secrets**

**Nhema:**

Pakupinza mari munyika yeMauritius iyo yakabva kuZimbabwe kuitira kuti kambani yeSotic ibhadhare mari yechipiri inosvika £12 miriyoni, vakuru-vakuru vekambani vekuSouth Africa vakaita hurukuro dzekugadzira mainivhoisi enhema ‘kuti zviratidzike sekuti mainivhoisi aya ndeyemafuta ekubikisa’—ayo akatengeswa kunze kwenyika asi mainivhoisi aya aisawanika muzvinyorwa zvenyika zvevanoona nezvemitero inobhadharwa pakupinza nekubuditsa zvinhu munyika—zvichimutsa mibvunzo yekuti hapana here kushandiswa nzira yemainivhoisi ekunyepera, iyo inowanzoshandiswa nevanoita zvekuburitsa mari munyika zviri kunze kwemitemo pachishandiswa nyaya dzekutengeserana. Vakuru-vakuru vekambani ava vakaramba kupa zvinyorwa zvinoratidza mafambisirwo akaitwa zvinhu zvakatengwa zvaive pamainivhoisi, vachipa chikonzero chekusana kuti zvinhu zvavo zvakavanzika zvizivikanwe nevese-vese, asi vanoramba kuti hapana chakaipa chavakaita.

**Chikiribidi:**

Pamari yekupedzisira yakabhadharwa inosvika £8.7 miriyoni, Tagwirei akaendesa mari yake muSotic achishandisa kambani yeCayman Islands senzira yechikiribidi chakaitirwa kunze kwenyika icho chaiva nechinangwa chekuhwanza kwakabva mari chaikoiko. Vaya vaibatanidzwa vanoti mafambisirwo akaitwa mari aya aiva pamutemo uye vanoramba kuti Sotic ndiyo kambani yakashandiswa naTagwirei pakuita izvi.





**Vaibatsiridza:**

Mari dzakabhadharwa idzi nemadhiri ose zvakaitwa pachibatsirwa nevane masimba uye amazvikokota wezvemitemo munyika dzakawanda kuti zvibudirire. Vakuru-vakuru vemakambani vekuSouth Africa, maajenzi emakambani ekuMauritius, mabhanga epasi pose, nevamwewo vekunze kwenyika vaiwana mubereko pamari dzaibhadharwa idzi vose vakabatanidzwa zvichida vachiziva kana kuti vaine ruzivo ruzere rwekuti Tagwirei aibatanidzwa mudhiri iri. Vanoramba kuti hapana chakaipa chavakaita. Vamwewo vakabvisa zita rake pavaridzi nevatungamiri vekambani nechinangwa chekuti zvisazivikanwa kuti ari kubatanidzwa. Chiri nani ndechekuti nhengo imwe chete yeboka reDuff & Phelps yakabvuma kuti pane kubatana kuripo pakati pekambani yeSotic nekambani yaTagwirei yemafuta edzimota nemichina yeSakunda Holdings. Boka reDuff & Phelps rakaramba kupa mashoko pachikumbiro chekuti ripe rutivi rwaro panyaya iyi.

# Vakashandiswa, Nhema, uye Zvikiribidi Zvekuvanza Chokwadi: Kubatsiridza kwakaitwa nevekuSouth Africa uye vekuMauritius Pakuburitsa Mamiriyoni Kubva muZimbabwe Kuenda KuBritain

## Mushumo weongororo yakaitwa nesangano reThe Sentry richishandidzana nereOpen Secrets

### Zvatinokarakadza kuti zviitwe

Mushumo uyu uri kuratidza zvakajeka kubatsira kwakaitwa nevari kune dzimwe nyika, pakubvumira kuti mari ipfuudzwe pachishandiswa ruzivo rwavo vachiziva kana kuti vasingazivi. Zvatinokarakadza kuti zviitwe zvakanangana nekudzora mabasa emakambani ari pamutemo ayo anobvumira kuti mari dzinomutsa mibvunzo dzifambiswe dzichibva munyika dzine hurombo hwakanyanya pasi rose dzichiendeswa muimwe yenyika dzine hupfumi hwakanyanya, pasingambofungwi nezvekutambura kwevanhu vari munyika idzi dzine hurombo.

**Kutarisira maitirwo ezvinhu uye Mitemo:**

Hurumende nemasangano emunharaunda anofanira kukoshesa uye, kana zvichibvira, kubvumira uye kugadza nekukurumidza maitirwo ezvinhu uye mitemo inodzivisa kubuditswa kwemari munyika zviri kunze kwemutemo takanangana nevanoita mabasa anoita kuti izvi zvibvire, kudzidzisa masangano anamazvikokota nezve zvavanotarisirwa kuti vaite uye maitirwo akanaka ebasa, uye kuita kuti vanoita mabasa anotsigira maitiro aya vazvidavirire pane zvavanoita, pese pazvakakodzera. Masangano anotarisira nhau idzi nevanoona nezve kuchengetedzwa kwemutemo vanofanira kupiwa zvekushandisa zvakakwana kuti vakwanise kuita iri basa rakaoma.

**Kunyoreswa zvakajeka kwevese vari kubatanidzwa mukuitwa kwebhizinisi:**

Pakuita kuti dhiri iri ribudirire, Tagwirei akabatsirwa nemakambani akawanda ari muZimbabwe, South Africa, uye Mauritius, ayo mashoko ekuti varidzi nevatungamiri vayo ndivanaani aisava nyore kuwana, zvichiita kuti zviomere masangano evanhuwo zvavo nevatori venhau kuti vaite ongororo. Nyika imwe neimwe inofanira kuumba nekugadza nzira yakajeka imwe chete yekunyoresa vese vari mumakambani, iri nyore kuti ionekwe neveruzhinji, uye ine mashoko ari kufambirana nenguva.

**Kuferefeta:**

Mamwe maitiro atsanangurwa mumushumo uno anogona kunge asingaratidzi mwero chaiwo unotarisirwa uye pasina kutevedzwa zvinotarisirwa pamutemo kuti zviitwe. Muzviitiko zvakadaro, vane masimba vari munyika dzakakodzera vanofanira kuita ongororo yakadzama.



open secrets
power & profit | truth & justice

FACT SHEET

THE SENTRY